Jullit bu góor du bañ jullit bu jigéen, ndax su bañee ci moom jenn jikkó gërëm na ci moom jeneen jikkó

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Jullit bu góor du bañ jullit bu jigéen, ndax su bañee ci moom jenn jikkó gërëm na ci moom jeneen jikkó».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tere na jëkkër di bañ jabaram bañ guy waral mu koy tooñ di ko bàyyi di ko dummóoyu; Ndaxte nit dañu koo bind cig wàññiku , te bu bañee ci moom ay jikkó yu ñaaw, dana fekk ci moom ay jikkó yu rafet; bu ko defee mu gërëm yu rafet yi tolloog moom , te muñ yu ñaaw yi mu gërëmul, loolu mooy tax muy muñ te du ko bañ mbañeel guy waral muy tàggalikoo ak moom.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3071